


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 9 (7201) 7 Март Итни 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## 8 Мартгун - руччаби!

Хириял руччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб ихдалил праздник – 8 Март. Гьеб буго бакъул хинал чIоралгун, чIаголъулеб, цIилъулеб тIабигIатгун щибаб соналъго бачIунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чIужугIаданалъул сипатазда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хIайранал кучIдул ахIарал, нилъер хIеренал, кидаго нилъ рекIел хинлъиялъги, тIалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хIажаталъур хьолбохъ ратулел яцал ва ясал.

Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухIияб рацIцIалъиги хинлъиги цIунулел, хIалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикIабщинаб. Мекъи ккеларо чIужугIадан гьечIони ракьалда гIумро букIинарин абуниги. ЧIужугIадан гьечIеб рукъ – гьеб буго цIа свараб гъасито. ЧIужугIаданалъул кверазги, гIакълуялъги, махщалицаги цIунула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кIудияб ва жавабчилъи цIикIкIараб роль хIалтIизабула общественниябгун жамгIияб гIумро цебетIезабиялда. Доб Совет хIукуматалъул заманалда гIадин жакъаги дагьаб хIалтIи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гIун бачIунеб гIелалъе тарбиягун лъай кьеялдаги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутIабаздаги. ЧIужугIадан кидаго мустахIикъай йиго реццалъеги адаб-хIурматалъеги.



Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гIумро, талихIгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахIаталда ва гьарзалъиялда рукIине. Иманги, талихIги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Аппараталъулаб совещание

2 марталда районалъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана аппараталъулаб совещание. Гьенир гьаруна цебесеб анкьил хIалтIул хIасилал. Райадминистрациялъул хIалтIухъабазда цере масъалаби лъуна гьаризесел хIалтIабазда хурхун.

Совещание байбихьана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас Халкъияб Собраниялде гьабураб хитIабалдасан. **(Ахир 2 гъумералда)**

Нухмалъулезулгун жамагIатазул дандчIвай

## Кин ругел, нуж, гIешел?!



***<u>Лъалеб букIахъе гьабсагIаталда росабазул жамагIаталгун дандчIвалел руго районалъул бетIер ва учреждениял-организациязул нухмалъулел. Араб анкьалда гьединаб дандчIвай букIана ГIашилтIа росулъ.</u>***

Байбихьуда бетIер ва цадахъ ругел ралагьана росдал гьоркьохъеб школалда, ясли-ахикь, «Сосна» лагералда бугеб ахIвал-хIалалъухъ. Хадуб дандчIвай букIана школалъул майданалда. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул экономикаялъул ва финансазул рахъалъ бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов, общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ зам. С. АхIмадов, районалъул пенсионнияб фондалъул нач. А. ГIалисултанов, районалъул имам Гъ-М. Абакаров, ракълиде рачиналъул ва адаптациялъул мугIрузул Централъул пред. М. МусалахIажиев, росдал бетIер М-Н. Назирбегов ва цогидалги. Гьес рагьана дандчIвай ва рагIи кьуна ГI. НурмухIамадовасе. – Дица хIисабалде босун букIана нужеда дандги чIван, гьанир ругел учрежденияздеги щун бугеб ахIвал-хIал лъазабизе, лъикIаб рахъалдехун гьезул хIал хисизабизе. Гьединго дихъе рачIине бокьарал къабул гьаризе руго жакъа,-ян байбихьана гьес к1алъай. Къокъго бицана районалда бугеб ахIал-хIалалъул, социалиябгун-экономикияб рахъазулва гь. ц. ТIадчIей гьабуна хадурккун гьаризе ругел хIалтIабазда. Гьенибго бетIерас бихьизабуна араб соналда тIоцебе районалда хIалтIи байбихьанин инвестораз, гьез балеб бугин АхIулгохIалда аскIоб балагьулеб башня, ГьаракIуни банин спортзал, райадминистрациялда сверухълъи къачIалеб бугин, цIиял ахал лъолел ругин. Кидагосеб хъаравуллъиялда гъоркь бугин рацIа-ракъалъиялда хадуб халкквей, гьеб гьабизе ахIана гIешелги, бицана нилъерго ракьал хIалтIизариялде кIвар кьезе ккелин, росу гIурччин гьабизе, чIаго гьабизе хIажат бугин, мусор базе бакIалъул тIалаб гьабе,-янги тIад къана росдал бетIерасдаги.

ДандчIваялда кIалъарав М. МусалахIажиевас тIадчIей гьабуна росулъаса адаптациялда рекъон хIалтIи гьабуразул материал кин гьабизе кколебали, бицана терроризм-экстремизмалде данде гьабураб хIалтIуе гIоло Российялъул СКФОялъул вакил С. Меликовас нилъехъе баркалаялъул кагъат бачIаниланги.

**(Ахир 2 гъумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 9 (7201)*
*7 март 2016 сон*



Дагъистаналъул цIияб гимналъе музыка хъвана Мурад Кажлаевас, рагIаби росана Расул ХIамзатовасул. Гьал къоязда букIараб сессиялда гьеб къабул гьабуна. Къабул гьабиялъул комиссия гIуцIун букIана РДялъул культураялъул министерствалда цебе.




# Кин ругел, нуж, гIешел?!

ГIадамазе диниябгун рухIияб тарбия кьеялъул бицана имам Гъ. Абакаровас.

ДандчIваялда жамагIатчагIаз рорхана росу берцинго къачIаялъул, лъел, нухазул, сахлъи цIуниялъул, электроэнергиялъул суалал. Бихьизабуна токалъул загIипаб канлъи бугин, гьелъ электроприборал рухIулел ругин. Школалъе, ясли-ахалъе ремонт гьабизе ккеялдаги тIадчIей гьабуна.



Гьединго бихьизабуна росдал школа бан бугин I936 соналда, цIияб баялъул суалги борхана жамагIаталъ. БетIерас бихьизабуна гIемерисел суалал бакIалдаго тIуразаризе бегьулел ругин, цогидал тIуразариялъе райадминистрациялъги квербакъилин. Росдал бетIерасе тIадкъаял къуна гьаризесел хIалтIабазда хурхун.

Ахиралда бетIерас баркала загьир гьабуна росдада ракI бугел гIешдерил хIаракатал гIадамазе.

## Районалъул Собраниялъул сессиялъул заседание

**3 марталда «Унсоколо район» МОялъул конференц-залалда тIобитIана районалъул Собраниялъул сессиялъул заседание. Гьенир гIахьаллъана киналго депутатал, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел.**

Заседаниялъул балагьиялде босун букIана:

I. Дагъистан республикаялъул БетIер Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIиповас РДялъул Халкъия Собраниялде гьабураб Послание гьоркьоб лъей.

2. 20I5 соналъ «Унсоколо район» МОялъ гьабураб хIалтIул хIасил ва 20I6 соналда цере чIарал масъалаби.

3. Россиялъул Унсоколо районалда бугеб МВДялъул отделалъул начальник М. Бияхъаевас 20I5 соналда гьабураб хIалтIул хIисаб кьей.

ТIоцебесеб кIиябго суалалдасан кIалъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, лъабабилеб суалалдасан кIалъана Унсоколо районалда бугеб МВДялъул отделалъул нач. МухIамад Бияхъаев.

Заседаниялда гьоркьор лъурал суалаздасан рекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

## *Аппараталъулаб совещание*

Росабазул администрациязда гьелда хурхун гьарулел хIалтIабазул бицана гьезул хIалтIул специалист Ш. МухIамадовас.

С. АрулмухIамадовас бюджет тIубаялъул суалазда хурхун тIадеги лъай кьеялъул учреждениязул хIалтIул бакIазда хал гьарияв тIоритIизе тIадкъана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевасда. Бицен ккана ДОУязда, МКОУязда лъималазе кьезе бакIалъулал продуктаби росиялда ва эбел-инсухъа бакIарулеб гIарцул низам чIезабиялда хурхун. Терроризм-экстремизмалъул хIалтIуда хурхун кIалъана С. АхIмадов. Экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевас бицана ракьалъул актуализация гьабиялъул, гьесул рагIабазда рекъон налог бакIарун буго 5I%. Рихьуни ГЭСалъул хIорида сверухъ бакI бацIцIадго чIезабиялъул суал тIад къана зонаялъул хIалтIуда хурхун нухмалъулев М. ХIажиевасда. Ихдалил хIалтIабазул бицана росдал магIишаталъул управлениялъул нач. Ж. Якъубовас.

Ахиралда щивасе тIадкъаял къуна ГI. НурмухIамадовас.

*ГIолеб гIелалъе - лъайгун тарбия*

# Махщелгун тIаса бищула къисмат

**1 марталда Шамильхъала поселокалъул культураялъул КIалгIаялда тIобитIана РДялъул захIматалъул Министерствалъул ва районалъул администрациялъул вакилзабиги гIахьаллъараб тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул цIалул учрежденияздаса 9-I0 классазул 204 цIалдохъабаз.**



БукIинесеб махщалил нух бажарун тIаса бищи аслияв ва жавабияв масъалабаздасан цояб ккола щивав чисе. Гьеб тIаса бищиялъе гIолеб гIелалъе кумек гьабиялде кIвар кьола захIматалъул министерствалъ. Данделъиялда кIалъалаго профориентациялъул ва профобучениялъул отделалъул нач. Сайгид МутIалимовас кIвар буссинабуна гьеб рахъалде.



- ЦIакъ кIвар бугеблъун ккола рекIее бокьулеб махщел тIаса бищи гуребги гьелда цадахъго дурго бажари борцинги. Гьеб тIаса бищизе ккола захIматалъул рынокалъул тIалабазда рекъонги,-ян бихьизабуна гьес. Ва кIвар къуна тIаса рищизе бегьулел хIалтIабазде.

Республикаялъул гIолилазул хIалтIудалъун хьезариялъул Централъул профориентациялъул ва профобучениялъул отделалъул нач. Рашид Писаевас цIалдохъабазе бицана Worldskills Russia, хIалтIулал проектазул машгъурлъиялъул. ДандчIваялда бицана дагьабго къадаралъул хIалтIудалъун хьезариялъул, захIматалъул отрядазул, ай каникулазул заманаялъ лъималазе хIалтIаби рукIинариялъул. Гьел проектазул кумекалдалъун цIалдохъаби лагеразда рукIине бегьула вожатияллъун, хIалтIизе бегьула ралел бакIазда, гьениса щвезе рес буго гIарацги. Гьеб программаялда рекъон 20I5 соналда хIалтIуда лъуна 95 цIалдохъан гIицIго Майданское росулъа. Гьез бакIарана ахбазан.

Рашид Писаевас лъималазда бицана «Трезвая Россия»,-абураб проекталъул. Бихьизабуна гьелда хурхараб видеофильм. Гьелъ кIудияб асар гьабуна лъималазе. Гьединго бихьизабуна «Выбираещь профессию-выбираещь судьбу»,-абураб фильмги. Гьединго бицана хIалтIаби ралагьулаго гIолилазда дандчIвалел захIмалъабазул. – Лъималазул рес бугин проекталъул къеразулъе лъугьине, гьелъие цIезаризе кколин анкетаби. Гьел цIезаруна тадбиралдаго. «Аслияб буго гIолеб гIелалъ жидеего махщел бокьун тIаса бищи ва сахаб къагIидаялъ гIумро гьабизе гьел ругьунлъи»,-ян бихьизабуна хадубги Писаевас.

Ахиралда тIаде рачIаразе баркала кьун кIалъана бетIерасул зам. С. АхIмадов. ЦIалдохъаби разиго хутIана тадбиралдаса.

# Баркула, руччаби!

Баркула, руччаби, микьабилеб Март
Нуж кIодо гьарураб, гьайбатаб байрам,
Гьарула, нужее Алжан гIадинаб
Анищаб гIумроги гIолохъанлъиги.

Лъагеги нужеда рекIел пашманлъи
ГIащикъаб ракьалда ругебгIан мехалъ,
ХутIаги гьурмазда даимаб гьими
Дуниял къалъулел къиматал тIугьдул.

Нуж гьечIони гIумро гIоралъ араб жо
ГIолелги гIуралги рукIинароан,
ГIишкъоги, хIасратги, талихIги, кечIги
ЧIужугIадан ятун батараб гурищ?

Бице, руччабазул берцинлъиялде
Бахунеб щиб бугеб гIищкъо лъалезе,
Мун релъинаюла бакъ, моцI, цIваялда
Гьезул сси дагь буго дуде борцани.

Нуж гьечIеб къавуда ссун уна канлъи,
Къилбаялда битIун бакъ бугониги
Нужеде рокьул цIа цIунарал васаз
ЦIезе риччай лъльарал гьаб байрам баркун.

ЧIужугIаданалъул къимат гьабичIел
Къулахъе хутIаги хараби гIадин,
Хазинабилъун нуж цIунуларезда
ЦIадул бухIи лъаги, жужахI кIочараб!

**М. ХIУСЕНОВ.**



**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 9 (7201)*
*7 март 2016 сон*



*ЧIужугIадан, дица дур адабалъе*
*Аза-азар нухалъ бетIер къулула*



# Хазинат - школалъул хазина



КIудияб, хIаракатаб ва гIемер-рахъазулаб буго «Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан, «Унсоколо районалъул Майданское росулъа Шамильхъаала поселокалъул гьоркьохъеб школалъул биологиялъулгун экологиялъул мугIалимлъун хIалтIулей ГIабдулхаликъова Хазинатица цIалдохъабазда гьоркьоб гьабулеб бугеб лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIи. Дие рес щвана гьелъ кьолеб дарсида гIахьаллъизе: учительницаялда гьваридго лъалеб бугоан жиндицаго малълулеб предмет. ХIалимго, щибаб лъимералъул рекIелъе нух бахъулеб каламалдалъун камилго бицунеб букIана гьелъ дарс. Гьоркьо-гьоркьоб лъимал ургьизе тIамиялъул мурадалда суалалги кьун сабуралда гьезухъги гIенеккулей йикIана ва ритIарал жавабал кьурал цIалдохъабазе рецц-бакъги гьабулеб букIана. ХIалтIизе ячIарал тIоцересел соназ бигьаго букIинчIилан бицана Хазинатица. Байбихьуда гьелъие лъикIаб кумек щун буго завуч Сакинат Сулеймановалъул ва биолог ГIазраъ Бартыхановалъул рахъалдасан. Лъимал ва хIалтIи ракI-ракIалъго бокьулеб букIиналъ ва тарбия, лъай кьеялъул цIи-цIиял къагIидаби лъазаризе тIадчIун хIалтIиялъул хIасилалда учительницаялда кIвана хIалтIулъ дандчIвалел захIмалъаби къезаризе. Ахирисеб лъабго сон бергьенлъабаздалъун бечедаб букIана Х.ГIабдулхаликъовалъе. Масала, 2013-2015 цIалул соназ экологиялъул ва биологиялъул райолимпиадабазда гьелъул анцIила щуго цIалдохъанасе тIоцересел бакIал щун руго. Рес публикаялъул экологиялъул олимпиадаялда 2013 соналъ Шамсият Асияловаль (10кл.) ва 2014 соналъ Хадижат МухIамадхIажиевалъ (7кл.) лъабабилел бакIал ккуна. Лъималазе лъай кьеялда цадахъго 10 классалъул нухмалъулей хIисабалда Х. ГIабдулхаликъовалъ гьабулеб буго тарбия кьеялъул хIалтIиги. Гьелъ классалда щибаб анкьида жаниб алхинчIого гьарула классалъул сагIтал, гIумруялъе кIвар бугел суалалги гьоркьор лъун тIоритIула батIи-батIиял бахIсал. Кидагосеб бухьен чIезабун буго цIалдохъабазул эбел-инсулгун. Гьаб цIалул соналъ ШСОШалда тIоцебе малъизе байбихьана «Сестринское дело» дарс 10 классазда. Щиб хIалтIи тIадкъаниги гьеб намус бацIцIадго Хазинатица тIубазабулеб букIин бихьараб школалъул дирекциялъ гьаб тIадехун рехсараб дарс кьезеги гьелда тIадкъана.

Лъалеб букIахъе, 2015 соналъ республикаялъул Миллияб политикаялъул министерсвоя лъул хIаракаталдалъун гIумруялде бахъинабуна «Кунаечство» проект. Гьеб проекталъулъги гIахьаллъи гьабуна гьелъ: анкьго кьоялъ гьелъул рокъов гIумру гьабун вукIана Сергокъалаялъул районалдаса 7 класса лъул цIалдохъан МухIамадов Аслан. «Дунги дир хъизан-лъималги цIакъ разиго хутIана гьеб лъугьа-бахъиналдаса, кIудияб баркала буго министерствоялъе гьединаб пайдаяб тадбир гIуцIаралъухъ»-ян бицана Хазинатица.

Гьеле гьединай ракI гIатIидай, гIамал берцинай, цогидазе кумек гьабизе кидаго хIадурай гIадан йиго гьей. Миллияб политикаялъул министерствоялъул рахъалдасан Х. ГIабдулхаликъовалъе кьун буго ХIурматалъул грамота. Гьединго республикаялъул экологияб централъул, райУОялъул ва райадминистрациялъул рахъалдасанги щун руго гьелъие ХIурматалъул грамотаби, ракIбацIцIадго, хIасил кьоледухъ хIалтIиялъе гIоло.

Школалъул завуч Сакинат Сулеймановалъ Хазинатил хIалтIуе кьимат кьолаго гьадин бицана: «Гьей йиго калам дагьай, гьабулеб хIалтIи гIемерай, хIаракатай мугIалим. Араб сон рес публикаялда Ахихъанлъиялъул сонлъун лъазабун букIинги хIисабалде босун гIемераб хIалтIи гьабуна Хазинатица, жакъасел кIвар бугел масъалабазул цояблъун кколеб, цIалдохъабазе экологияб тарбия кьеялда хурхун: малъана пихъил гьутIби рацIине, гьезда «бер» (бекI) лъезе. ЧIахIиял классазда гьоркьор тIоритIана тIабигIат цIуна-къан хIалтIизабиялда хурхараб «ТIабигIат цIунизин» абураб ахIиялда гьоркь бахIсал, рагьун цIалиял. Гьей йиго тIадкъараб бокьараб хIалтIи жавабчилъиялда тIубазабулеб педагог. Дун хIикмалъизаюла гьелъул кIвахI гьечIолъиялъ ва цебе лъураб масъала тIубазабизе бугеб кIудияб тавакка лалъги. Хазинат йиго ракIбацIцIадай, сабурай, Аллагьас мугIалимлъун йикIине йижарай гIадай гIадан».

Гьединай, кIудияб хIарпалдалъун Инсанилан хъвазе мустахIикъай мугIалималдаса чIухIизе бегьила гIагарлъиги росуцояги. Хадубккунги хIалтIулъ цIи-цIиял бергьенлъаби щваги дуе, Хазинат!

***МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.***
***Сураталда:*** Х. ГIабдулхаликъова.

ЧIужугIаданалъе - анкьго гIакъло

# Дур талихIалъул балъголъи

***ГIакълоялъ цеехун ячуна чIужугIадан тIубараб 24 сагIаталъ. ГIакъилай чIужугIадан талихIайги йикIуна, щайгурелъул гьелъ жинцаго гIуцIула жиндирго гIумро ва данде рачун бажарула хъизан-лъимал.***

**1 гIакъло:** Рос кидаго витIарав вукIуна

Гьедин букIуна хIакъикъаталда гьедин гьечIониги. Нужер рагIи дандеккунгутIи бугони, масала, отпуск кин тIамилебали, гIедегIуге нужерго вариант цебе лъезе. Гьелъ нужедехунго бегIераб лъалъар битIизабизе бегьула. ЛъикIаб букIина гьесул вариантлда тIад рекъани. Жеги цебе заман буго.

Иш буго бихьиназда жалго мекъияллъун рукIине бокьунгутIиялъулъ. Гьедин бугин ракIалде ккезабуге гьесда. ТIад рекъа, квачараб хасало тIабигIаталда отпуск тIамизе гьесие бокьаниги. Амма къватIиб квачан бугеб куц,-ян гIемер абе. Амма гьебги гьадингояб жолъун ккани – рагIи закон бугони, гьединги рос витIарав вукIуна. Амма чанго кьойидасан гьесие жиндиего бокьизе буго нужер план гIумроялде бахъинабизе. Гьеле гьениб биччаге гьалатI, кинго дурго ритIухълъи чIезабизе лъугьунге, абе, «агьа, мун кидаго витIарав вуго»,-абун.

**2 гIакъло:** Рос разиго вугони чIужуги лъикI йикIуна



Кинабго гьабе росасе лъикI букIине. Гьедин гьабуни гьес гьудул-гьалмагъзабазда аскIоб, къватIахъ гIемераб заман баларо. Гьесда ракIалде ккезе буго дир лъикIай чIужу йигилан.

Гьедин гьабулаго гьесул ракI рекъолареб жо бихьизе тоге. Киназдаго лъала херав бихьинчиясул гIамал хисизабизе кIолареблъи, амма гьев нухда вачине кIола гьесда дандеккъацандичIого рекъезавун.

**3 гIакъло:** Безерлъун йикIунге, гьесие балъголъилъун йикIа

Дур букIине ккола духъа бажарулеб махщел. Гьеб хоббилъун яги кинаб бугониги дуе бокьулеб жолъун букIине ккола. Гьедин мун йикIине йиго мунго дудаго чIарай ва гьелдалъун дагьабго балъголъи бугей. Гьелъ дур росасул дудехун кIвар буссине буго.

**4 гIакъло:** Дур рос гьев вуго дур – выбор

Росасулгун тIоцебесеб дагIбарагIи ккарабго гьеб къватIибе гьурщизе кколаро, гьеб лъугIарабго дудаго бихьизе буго гьесулъ бугеб лъикIаб гIамал, мун гьесие ячIинегIанго букIараб. Дуца къватIибе бицани гьев сверухъ ругезе хутIула довго намус-яхI гьечIев яманлъун.

***(Ахир 4 гъумералда)***

# Дагъабго гьими

Базаралде гIанкIуял ричулев чиясухъе ячIуна цояй ва гьебги кодобе гIанкIуги босун абула:

-Гьаб гIанкIуялъе щиб балеб букIараб?

-Щай дуе гьеб лъан?

-Диеги бокьун буго гьадин хIалакълъизе.

* * *

ЧIужуялъ росасда гьикъула;

-ГIадамаз нусго сон базе кин рес бугеб?,-абураб доб нилъер тIехь бихьанищ дуда?

-Бихьана, дур эбелалъ цIализехъин батун, дица цIадабе рехун бухIана.

* * *



Рос-лъадуда цIехон буго: «нужратIалъиялъе гIилла щиб ккараб?»-абун.

- Дица гьабурабщинаб квен ас дидаго квинабулеб букIана,-ян жаваб кьун буго чIужуялъ.

* * *

Цо хIорил рагIалда гIодовги чIун сурат бахъулев вукIун вуго художник. Гьесухъги валагьун гьитIинав васас эбелалда абун буго:

-Бихьулищ, баба, кодоб фотоаппарат гьечIолъиялъ гьадав чиясда бихьулеб бугеб гIакъуба,-абун.

* * *

Жиндирго рокъой радиоялъухъ гIене ккун йигей гIаданалда рагIула, гьелъ «Нуж гIенеккун руго ахириял харбазухъ»,-ян абулеб.



-КингIаги азда лъараб дун радиоя лъухъ гIенеккун йикIин,-ян абун буго чIужугIаданалъ.

* * *

-ЧIванкъотIун гьаб тукен бикьизе кин дуда ракIалде ккараб?,-ян цIехон буго цIех-рех гьабулаго следователас.

-Гьаб буго дир минаялда бищунго гIагарда бугеб тукен, заманги квешаб бугелъул, рукъги рехун тун рикIкIаде ине бокьичIо дие.

* * *



-Доб нилъер лъай-хъвай ккараб гьветI пириги речIчIун бухIун бугилан рагIана, хирияв.

-Гьедин лъикI гьелъие!

# Дур талихIалъул балъголъи

**5 гIакъло:** Божилъи

Хадуб хал ккоге росасда, хасго гIиси-бикъинаб жоялъ-улъ. Божа гьесда. Цо-цо гьесул хьвада-чIвадиялъул гIиси-бикъинал жал дуда лъазе ккосреро, гьесда дурал гIадин. Нужерго эркенлъиялъул къимат гьабизе ругьунлъе. Гьелъ кумек гьабула цадахъаб гIумроялъе. Щивасул букIуна жиндирго хасаб гIумро. Кидагосеб хъаравуллъи хадуб бугони, жанисеб гIумро къварилъула.

**6 гIакъло**: Нуж ккола команда

Нуж кIигоял руго, гьеб ккола команда нужеда нужго лъала, цоцаде ракI хвезе, гьединго цоцада ричIчIизе бегьула. Рос къоялъго хIалтIуда вукIиналъ дур ццим бахъинабулеб бугони, хIухьбахъиязул къоязги гьев хIалтIуде ахIун ани, гьадинаб пикро гьабе; гьесул гьеб хIалтIи тIаса ани кинаб хIал нужер букIине бугеб?

Йоха гьесул гьединаб хIалтIи бугилан, гьес рукъ хьихьун бугилан, кверчIвай гьабе гьесие.

Цойги. ГIакъилай чIужуялъ кин гьабунги лъикIаб къимат цIикIкIун кьезе буго росасе, гьедин гьабуни гьесие бигьаго букIуна гIумроялъулъ цевехун ине ва дурги хIурмат гьабизе буго гьес.

**7 гIакъло:** ЧIужу йиго праздник

Нужерго цадахъаб гIумро гIисиналгIаги чIахIиялгIаги праздниказдалъун бечед гьабуни, гьеб буго лъикIаб рахъ. ЛъикIаб буго цадахъ тира-сверизе, цадахъ сапаразде ине, СМСал ритIизе. Кидаго йикIа цIиго, тIадагьго. Гьуинго тIагIамалда гьабе квен.

Пайда босе гьал гIадатиял гIакълабаздаса ва нуж рукIина талихIаллъун!

***«Женская логика» сайталдаса***

# Экскурсиялъ рачIун рукIана



Гьаб соналъул 28 февралалда жиндирго ВатIаналъул цIа гIадав патриот, машгьурав экскурсовед, пайдаял тадбираз гIадамал цоцалъ гъункизарулев инсан Шамиль Шангеревасул нухмалъиялда гьоркь районалде щвана экскурссиялъулаб группа. Гьелгун цадахъ районалъул машгьурал бакIазде щвана гIолел туристазул станция лъул хIалтIухъаби.

Экскурсиялъ рачIаразул аслияб мурад букIана района лъул культуриялгун тарихиял бакIазде щвей. ТIоцере щвана Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил зияраталде, тIабигIиял памятникал ругел бакIазде. Щвана СЮТалъул музеялде, Унсоколо росдал тарихиял бакIазде. Группаялда цадахъ йикIана машгьурав поэт М. Гунащевасул яс Раисат Гунащеваги. Гьелъ цIалана инсул «Дир рекIел улка»,- абураб тIехьалдаса кучIдул.



Гьединго сапаралъ рачIарал щвана Унсоколо художествалъулаб фабрикалде, балагьана цIулада тIад бижун бачIунеб гьайбатаб махщелалъухъ. Щвана Рихьуни ГЭСалъул хIорихъе.

*Пайдаяб малъи*

# Йод гIолеб гьечIони

Инсанасул чорхолъ йод букIуна цIакъ дагьаб къадаралда 20-30 миллиграмм. Гьелъул I0 миллиграмм букIуна щитовиднияб железаялда гъорлъ. Амма гьеб гьечIого гIоларо чорхол киналго лугбузул хIалтIуе. Чорхолъ йод мукъсанлъун букIин лъазабизе бегьула тохтурасухъе инчIого рокъобогги. Йодалда гъорлъ квасквасги ччун черхалъул бокьараб бакIалда сетка гьабун хIуччал цIала. КIиго сагIаталдасан гьеб тIагIани чорхолъ йод дагьлъун батула. Цинги ина тохтурасухъе ва тIуразарила гьесул малъахъваял. Цогидал микроэлементалго гIадин, чорхолъе йод бачIуна кванида цадахъ. Гьединлъидал цIикIкIун хIалтIизаризе ккола йод гъорлъ бугел нигIматал. Бищунго цIикIкIун гьеб букIуна ччугIилъ, гьелъул нахъулъ ва ралъдал капустаялъулъ. Йодалдалъун бечедаб буго шпинат, фейхоа, хурма, пер, чIакIултIан, ламадур, картошка, гIеч, цIибил ва соя.

Йод мукъсанлъунгутIиялъе профилактикаялъе хIалтIизабула гьеб гъорлъ бугеб цIам. Йод гъорлъ бугеб чIахIияб цIамалдасаги лъикIаб буго гьединаб гIисинаб цIам. Щайгурелъул, гIисиналъулъ йод гIемераб мехалъ хутIула, чIахIиялъулъ гьеб хехго тIагIуна. Йод гъорлъ бугеб цIамул нахърател гьабизе бегьуларо. Щайгурелъул, къватIибе биччараб къоялдаса нахъе гьеб хIалтIизабизе бегьула ункъго моцIалъ. Целлофаналъул къвачIиниб яги лъикIго бацараб, гьава чIвалареб жоялда жаниб цIунани, цIамулъ йод хутIула 7-8 моцIалъги.

***Йод гIоларезе малъа-хъваял***

Бащадаб къадар гьацIулги рохьил пихъилги (калина) банкаялда жаниб жубазабила. МоцIица жибго тела. Цинги цо-цо кIудияб гъуд цIун кванала.

* * *

ЧIегIераб рябинаялъул цо килограмм ччухIила ва чакаргун жубазабила. Кванала цоцо чайдул гъуд къойида жаниб лъабго нухалъ.

* * *

Гьан ххунеб машинаялъ фейхоа хина ва бащадаб къадар чакаралъулги жубазабила. Холодильникалъуб цIунила ва бокьараб мехалъ кванала.

* * *

АнцIго къоялъ тIатIала, мукъуралда (щитовидниябжелезаялда) йодалъулъ ччураб квасквасалъ хIуччал цIан сетка бахъила ва квасул шалалъ радаллъизегIан бухьина. Цинги анцIго къоялъ хIухьбахъиги гьабун, цIидасан байбихьила.

## Информация для проведения общественных работ

# Принимаем заявки для оплачиваемых общественных работ

**ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район» информирует:**

Уважаемые работодатели: Главы поселений Унцукульского района, а также руководители организаций и учреждений, принимаем от Вас заявки и потребности, для проведения оплачиваемых общественных работ в рамках договоров с совместной деятельности с предприятиями различных форм собственности и сфер деятельности.

Под общественными работами понимается трудовая деятельность, имеющая социально полезную направленность и организуемая в качестве дополнительной социальной поддержки граждан, ищущих работу.

К общественным работам не относится деятельность, связанная с необходимостью срочной ликвидации последствий аварий, стихийных бедствий, катастроф и других чрезвычайных ситуаций и требующая специальной подготовки работников, а также их квалифицированных и ответственных действий в кратчайшие сроки.

Право на участие в общественных работах имеют граждане, зарегистрированные в органах службы занятости в целях поиска подходящей работы, безработные граждане. Преимущественным правом на участие в общественных работах пользуются безработные граждане, не получающие пособия по безработице, безработные граждане, состоящие на учете в органах службы занятости свыше шести месяцев.

Участие граждан в общественных работах допускается только с их согласия. При направлении на общественные работы учитываются состояние здоровья, возрастные, профессиональные и другие индивидуальные особенности граждан.

С лицами, желающими участвовать в общественных работах, заключается срочный трудовой договор. Срочный трудовой договор об участии гражданина в общественных работах может быть, расторгнут им досрочно при устройстве на постоянную или временную работу. Оплата труда граждан, занятых на общественных работах, производится в соответствии с законодательством Российской Федерации.

В период участия безработных граждан в общественных работах за ними сохраняется право на получение пособия по безработице.

На граждан, занятых на общественных работах, распространяется законодательство РФ о труде и социальном страховании.

Финансирование общественных работ производится за счет средств работодателей, у которых проводятся эти работы.

**Адрес: Унцукульский район, с.Унцукуль, ул. М. Мустафаева 30**
**тел. (822) 55-62-58,55-62-57**
**эл.адрес: e-mail:czn-uncuk@mail.ru**

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Унсоколо № 2 школалъул учительница

**ХIалимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан рос МухIамадгIалида, васазда, яцазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе рукIаразе сабруги кьеги.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 6.03.16 г. 17.10 фактически -19. 20 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1400 экз.